

# Asistans Pwovizwa

## Kisa ki se Asistans Pwovizwa (Temporary Assistance, TA)?

Asistans Pwovizwa, ke yo konnen tou sou non Asistans Piblik (Public Assistance), se asistans lajan kach ke yo bay granmoun ki nan neseseite yo ki pa kapab jwenn travay, pa kapab travay, oswa pa touche ase lajan nan travay yo pou kapab peye pou neseseite bazik yo, menm jan ak timoun ki nan neseseite yo. Pou granmoun yo, Asistans Pwovizwa gen objektif bay asistans akoutèm pandan ke moun nan ap chèche travay, patisipe nan fòmasyon oswa tretman ki nesese pou li ka travay, oswa jwenn benefis andikape yo.

De pwogram Asistans Pwovizwa prensipal yo se Asistans Familyal (Family Assistance) ak Asistans Rezo Sekirite (Safety Net Assistance). Pwogram sa yo bay menm nivo asistans pou yon fwaye, men li sèvi popilasyon diferan ak kèk règ diferan.

- **Asistans Familyal** – Asistans Familyal bay asistans lajan kach bay fanmi ki nan neseseite ki kalifye yo ki genyen yon timoun minè ki ap viv ak yon paran (oswa toulède paran yo) oswa yon fanmi ki se gadyen timoun nan. Pwogram lan gouvènè pa règleman federal Asistans Pwovizwa pou Fanmi Ki Nan Neseseite yo (Temporary Assistance for Needy Families, TANF), ki limite kalifikasyon yon moun pou Asistans Familyal pou senk ane. Apre tan sa, si fanmi an sepanndan rete kalifye, yo kapab resevwa asistans atravè pwogram Asistans Rezo Sekirite an.
- **Asistans Rezo Sekirite** – Asistans Rezo Sekirite a bay asistans pou moun ki nan neseseite ki kalifye yo ki pa gen timoun ak lòt fwaye ki pa kalifye pou Asistans Familyal. Fwaye ki atenn limit tan senk ane an pou Asistans Familyal yo otomatikman chanje yo epi mete yo nan pwogram Asistans Rezo Sekirite a si yo rete sepanndan kalifye pou avantaj yo. Yo egzije fwaye sa yo pou yo peye abri yo ak alokasyon sèvis piblik yo dirèkteman bay pwopriyetè kay la ak founisè sèvis piblik lan.

## Konbyen kòb benefisyè yo ap resevwa?

Kantite lajan avantaj Asistans Pwovizwa a etabli nan règleman ak lwa Eta yo. Yo varye selon yon seri sikonstans, ki enkli konte rezidans lan ak kantite moun ki nan fanmi an. Lè manm fanmi an yo gen lòt resous, ki enkli revni ke yo te touche nan yon travay, sa tou ap afekte nivo avantaj lan.

Avantaj yo konpoze de “alokasyon yo” epi, jeneralman, ansanm yo detèmine “estanda neseseite yo” pou yon kèlkonk gwosè fanmi. Alokasyon sa yo gen ladan yo yon alokasyon pou neseseite bazik yo, alokasyon pou enèji nan kay yo, yon alokasyon pou abri, ak lòt alokasyon ankò.

Jeneralman, nivo avantaj maksimòm lan se estanda neseseite nan yon konte, ki varye. Pa egzanp, nan Konte Albany, nivo avantaj maksimòm lan (estanda neseseite) se 367 dola pa mwa pou yon sèl moun, oswa 698 dola pa mwa pou yon fanmi ki gen twa moun. Règleman Eta a etabli estanda neseseite pou chak konte.

## Kijan yo detèmine kalifikasyon?

Sikonstans chak moun ak chak fanmi yo diferan, epi gen yon seri de faktè ki kapab afekte kalifikasyon yon fanmi pou avantaj yo, gen ladan yo kantite moun ki nan fanmi an, nivo revni, sitiyasyon lojman, modèl revni, ansanm ak lòt resous oswa avantaj ke yo te resevwa yo. An plis, genyen kèk kondisyon kalifikasyon legal pou aplikan ak benefisyè Asistans Pwovizwa yo, tankou evalyasyon ak tès pou alkòl ak dwòg, kowoperasyon ak aktivite ranfòsman sipò alimantè timoun yo, ak kowoperasyon ak aktivite anplwa yo (sa vle di rechèch travay).

Yo kapab mande benefisyè Asistans Pwovizwa yo pou yo patisipe nan yon pakèt aktivite travay. Yo egzije distrik sèvis sosyal yo pou yo bay nenpòt transpò oswa swen timoun ki nesese pou yon moun kapab patisipe nan yon aktivite travay ke yo bay yo. Yo ka bay tou lòt sèvis sipò yo, tankou vètman oswa ekipman ki an rapò ak travay yo pou kapab ede moun yo jwenn yon travay.

### **Kisa ki ap rive si benefisyè yo vyole règleman yo?**

Si ou pa rive aplike règ pwogram lan yo sa kapab abouti a fèmti dosye a oswa rediksyon avantaj yo, jan règleman Eta ak federal yo egzije sa. Kantite lajan ke yo ap retire nan avantaj yo varye selon règ pwogram an kesyon an yo.

### **Èske si ou jwenn yon travay sa ap redwi avantaj yo?**

Yon fwa ke yon fanmi ap resevwa avantaj yo, lwa Eta a pèmèt pou yo pa kenbe an kont yon pòsyon nan revni ke yo touche a, sa ki ap asire ke nouvo revni yo pa abouti a rediksyon avantaj yo, jiska yon sèten nivo. Pou fanmi ki gen yon timoun ki gen laj mwens ke 18 an (oswa mwens ke 19 an epi ki lekòl), premye 90 dola nan revni mansyèl la, plis 52 pousan nan rès revni ke yo touche an, li pa konte lè y'ap detèmine nivo avantaj yo. Pousantaj Diskalifikasyon Revni yo Touche ke yo te itilize nan pwosesis bidjetè TA a li sijè a chanjman chak ane. Pou tout lòt fanmi yo, premye 90 dola a pa konte.

Fanmi ki deja gen timoun ki ap resevwa Asistans Pwovizwa yo kapab touche pi plis, jeneralman jiska 185 pousan estanda nesese a, anvan ke yo vin pa kalifye ankò akòz revni yo. Fanmi ki pa gen timoun yo jeneralman ap pèdi kalifikasyon yo lè revni yo atenn estanda nesese a plis 90 dola.

### **Kisa ki se Asistans Ijans (Emergency Assistance)?**

Asistans Ijans se yon kategori Asistans Pwovizwa ki ede rezoud yon sityasyon oswa nesese ki ijan. Kèk egzanp gen ladan yo sityasyon sanzabri, yon eviksyon ki an atant, gen ti kal manje oswa pa gen ditou, mank kabiran pou chofaj nan tanperati ki fè frèt, oswa yon entèripsyon oswa dekoneksyon ki an atant pou sèvis piblik yo.

Asistans Ijans lan kapab ede avèk bagay tankou peye lwaye ke yo dwe, peye pou lojman tanporè, kouvri aryere sèvis piblik yo oswa peye pou kabiran chofaj.

Benefisyè Asistans Ijans yo pa gen pou kalifye pou Asistans Pwovizwa ki ap kontinye.

### **Kijan pou aplike?**

Nenpòt moun kapab verifye kalifikasyon yo pou Asistans Pwovizwa nan <http://mybenefits.ny.gov>.

Pou kapab aplike, ou dwe ranpli yon aplikasyon epi ou dwe konplete yon antrevi an pèsòn ak distrik sèvis sosyal yo. Konsilte <http://otda.ny.gov/workingfamilies/dss.asp> pou kapab jwenn plis enfòmasyon.

Abitan Vil New York yo dwe aplike nan Sant Travay lokal yo. Konsilte <http://www1.nyc.gov/site/hra/locations/job-locations.page> pou kapab jwenn plis enfòmasyon.

*Fich deskriptif sa gen pou objektif bay enfòmasyon jeneral sou pwogram lan, li pa fèt pou itilize pou kapab detèmine kalifikasyon oswa defini kondisyon pwogram lan yo pou okenn moun oswa fanmi.*